**दिन– गुरूवार** **दिनांक–09.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित राष्ट्र बनाबऽ मे प्रवासी भारतीय लोकनिक निर्णायक भूमिका थिक। श्री मोदी ओडिशाक भुवनेश्वर मे अठारहम प्रवासी भारतीय दिवसक औपचारिक उद्घाटनक बाद सभा के संबोधित कऽ रहल छलाह। प्रधानमंत्री वैश्विक विकास आ भारतक विकास यात्रा मे प्रवासी भारतीय के महत्वपूर्ण भूमिकाक प्रशंसा कयलनि। श्री मोदी प्रवासी भारतीय के सम्मान दियाबय मे भारतीय मूल्यक भूमिका के रेखांकित कयलनि। भारतक लोकतांत्रिक मूल्यक महत्व पर जोर दैत श्री मोदी कहलनि जे भारत ने मात्र लोकतंत्रक जननी अछि अपितु लोकतंत्र हमर जीवन शैली मे समाहित अछि।

---

गृह मंत्रालय सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सँ अनुरोध कयलक अछि जे ओ देश सँ टीबी रोग समाप्त करबाक केन्द्र सरकारक प्रतिबद्धताक अंतर्गत जेल आ सुधार संस्थान सभ मे क्षय रोग उन्मूलन लेल सय दिनक अभियान शुरू करय। मंत्रालय एक पत्रक माध्यमे सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सँ जाँच शिविर आयोजित करबाक आ सभ जेल मे टीबी रोग सँ संबंधित सूचना, शिक्षा आ संचार सामग्री प्रदर्शित करबाक लेल कहलक अछि।

---

बिहार विधान परिषदक एक रिक्त सीट लेल आइ एनडीए सँ जदयूक ललन प्रसाद अपन नामांकन पत्र भरलनि। एहि क्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा समेत एनडीएक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। राजदक सुनील कुमार सिहक सदस्यता समाप्त कयल जयबाक बाद एहि सीट लेल उपचुनाव भऽ रहल अछि।

---

नीतीश मंत्रिमंलडक खरमासक बाद विस्तार हेबाक संभावना अछि। सूत्र सँ प्राप्त जनतबक अनुसार मंत्रिमंडल विस्तार मे भाजपा सँ चारि आओर व्यक्ति के जगह भेटि सकैत अछि। ओतहि भाजपाक जाहि मंत्री लोकनि लऽग एक सँ बेसी विभाग अछि, हुनका कम कऽ कैबिनेट मे सम्मिलित होबयवला नव मंत्रीक मध्य बांटल जायत।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव द्वारा इंडिया गठबंधन के लऽकऽ देल गेल बयानक बाद कांग्रेस कडगर प्रतिक्रिया देलक अछि। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता शकील अहमद खान कहलनि अछि जे कांग्रेस अखिल भारतीय पार्टी अछि। कतेको राज्य मे पार्टी अलग–अलग चुनाव लड़ैत अछि। मुदा, एकर ई मतलब नहि जे जाहि उद्देश्य सँ इंडिया गठबंधन बनल छल ओ समाप्त भऽ गेल। विदित अछि जे काल्हि तेजस्वी प्रसाद यादव कहने छलाह जे इंडिया गठबंधन मात्र दू हजार चौबीसक लोकसभा चुनाव लेल बनल छल।

———————————————————————

राज्यपाल सह कुलाधिपति आरिफ मोहम्मद खान चारि विश्वविद्यालय मे नव कुलपतिक नियुक्ति कयलनि अछि। राजभवन द्वारा जारी अधिसूचनाक अनुसार विवेकानंद सिंह पूर्णियां विश्वविद्यालयक आ संजय कुमार सिंह मुंगेर विश्वविद्यालयक कुलपति बनाओल गेल छथि। ओतहि, रविन्द्र कुमार नालंदा खुला विश्वविद्यालय जखनकि, डॉक्टर इंद्रजीत सिंह बिहार पशु विज्ञान विश्वविद्यालयक कुलपति भेलाह।

———————————————————————

संपूर्ण प्रदेश कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। अधिकांश ठाम न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कमी दर्ज कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे पांच दशमलव एक डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग समस्तीपुरक पूसा राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक कुमार गौरव जनौलनि जे अगिला तीन दिन मे तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस वृद्धि हेबाक संभावना अछि। सवेर मे अधिकांश क्षेत्र मे कम अथवा मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहत। ठंढ़ा के देखैत समस्तीपुर जिला प्रशासन सभ सरकारी आ निजी विद्यालयक वर्ग एक सँ आठम कक्षा धरि चौदह जनवरी धरि पाठन पर रोक लगा देलक अछि।

———————————————————————

रेलवे दरभंगा सँ उत्तर प्रदेशक प्रयागराज मे आयोजित महाकुंभ मेला मे श्रद्धालु लोकनिक सुविधा लेल चारि अलग–अलग दिन स्पेशल ट्रेन चलबाक घोषणा कयलक अछि। ई ट्रेन पच्चीस जनवरी, पंद्रह आ बाईस फरवरी तथा एक मार्च के चलत।

———————————————————————

कृषि मंत्री मंगल पांडेय आइ पटना स्थित कृषि भवन मे मीडिया सेंटर आ बिहार कृषि रेडियोक उद्घाटन कयलनि। बिहार कृषि रेडियो द्वारा किसान लोकनि के खेती, मौसम आ बाजार सँ जुड़ल जनतब देल जायत।

———————————————————————

लखीसराय जिलाक शहीद जितेन्द्र हॉल्ट लऽग ट्रेनक चपेट मे अयला सँ तीन महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि। प्राप्त जनतबक अनुसार तीनू महिला एक पैसेंजर ट्रेन सँ उतरल छलीह तखनहि ओ दोसर ट्रैक पर आबि रहल हमसफर ट्रेनक चपेट मे आबि गेलीह।

———————————————————————

एचएमपीवी वायरस के लऽकऽ सहरसाक सदर अस्पताल मे दस बेडक स्पेशल वार्ड बनाओल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त